



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 20 me 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE VETERAN YO POU APLIKE POU NOUVO PASS LIBERTY POU TOUT LAVI

Pass la bay aksè a pri redwi a Park Eta New York, sit kan, lansman bato, Sit istorik ak plis

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te ankouraje Veteran nan Eta New York yo ki genyen andikap pou aplike pou nouvo pass Liberty pou tout lavi, sa ki pèmèt Veteran kalifye ki andikape yo itilize a pri rabè park eta, sit istorik, ak etablisman rekreyasyon ki opere pa Biwo Park Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Park Eta) ak Depatman Konsèvasyon Anviwonman (DEC). Lansman Pass Liberty jwenn orijin li nan somè pou veteran Gouvènè a te òganize nan mwa mas ki sot pase a pou diskite sou fason kote New York kapab amelyore sèvis a veteran yo ak fanmi militè epi sipòte efò eta pou amelyore ak selebre anpil opòtinite rekreyasyon anplennè kòm nap antre nan sezon touris ete a.

“Veteran andikape New York yo te riske lavi yo pou eta ak peyi nou an, epi ba yo aksè pou tout lavi nan pak nou yo se yon fason tou pitit nou kapab kontinye etann gratitud nou pou sèvis yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Kòm nap apwoche wikenn jou memoryal ak prepare pou sezon pak ete a, Mwen ankouraje tout veteran kalifye yo pou pran avantaj de nouvo opòtinite sa a.”

“Gouvènè Cuomo ap ede pou rekonèt ak asiste veteran New York yo nan plizyè fason,” Komisyone Park Eta Rose Harvey te deklare. “Mwen espere ke Pass liberty pou tout lavi a se yon benefis ki pral pote travay patikilye a veteran ki gen andikap yo ak anpil bon souvni pandan yap vizite sistèm park nou an avèk fanmi ak zanmi yo.”

“New York gen yon varyete resous natirèl ki destine pou apresye ak admire pa tout moun,” Komisyone DEC te deklare. “Nouvo pass liberty pou tout lavi a retire baryè pou yon popilasyon kle, veteran nou yo ki gen andikap ki genyen anpil valè, rann li ankò pi bon mache pou tout lavi. Valè amelyore sa a se yon lòt egzanp de fason Administrasyon Cuomo ap amelyore sèvis a Veteran yo pandan lap pwomote opòtinite rekreyasyon anplennè.”

Gouvènè Cuomo te anonse nouvo pass Liberty pou tout lavi nan somè pou veteran li a nan kòmansman ane sa a. Avantaj Pass Liberty pou tout lavi gen ladan machin antre gratis nan Park Eta yo ak zòn fonksyonman DEC itilize pa jou, ansanm avèk anpil sit pou lanse bato, sit istorik, zòn yo kiltive plant ak

Haitian Creole

prezèvasyon pak; gòlf gratis nan 28 estasyon park gòlf; antre nan pisin gratis nan 36 pisin park eta, ak pri rabè pou lokasyon kabin kan ak sit kan nan tout 119 park eta ak sit kan DEC yo. Plizyè sit istorik ak park nan sistèm park eta komemore sèvis veteran yo.

Pou kalifye pou pass la, Veteran an dwe bay park eta sètifikasyon alekri ki soti nan Administrasyon Veteran Etazini oswa Divizyon Afè Veteran New York ki stipile ke aplikan an se yon Veteran avèk yon 40% oswa pi gwo sèvis ki konekte avèk andikap la. Vizite sit entènèt park eta pou jwenn plis enfòmasyon ak yon aplikasyon: <http://nysparks.com/admission/lifetime-liberty-pass.aspx>.

Veteran Eta New York yo ki gen andikap ki aktyèlman genyen yon pass aksè valab kapab kontinye itilize pass yo a jiskaske li fini. Avan ekspirasyon an, detantè pass la pral sèlman bezwen pou voye l avèk yon nouvo foto ak yon kopi lisans chofè valab NYS yo oswa ID ki pa-chofè. Si detantè pass la swete genyen pass tout lavi Liberty a pi bonè, yo pral bezwen voye pass aktyèl yo a anvan yo kapab emèt nouvo pass la.

Somè pou Veteran Gouvènè Cuomo a te konsantre sou kreye yon apwòch konpreyansif pou amelyore sèvis a veteran ak fanmi militè yo nan New York, espesyalman nan domèn lojman abòdab, travay, edikasyon, benefis, ak sante mantal. Li gen ladan patisipasyon lidè ki soti nan 36 gwoup veteran, 11 reprezantan nan baz militè nan New York, 28 administratè nan enstitisyon edikasyon, 18 egzekitif nan biznis prive, ak anpil lòt moun ki genyen enterè. Pass Liberty pou tout lavi a se youn nan plizyè inisyativ Gouvènè a te anonse ki pral bay veteran ak fanmi yo pi gwo aksè a lojman abòdab, travay, ak opòtinite edikasyon toupatou nan eta.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418